



Pou Piblikasyon Imedya: 1/2/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENFÒMASYON AJOU SOU GWO LAKE EFFECT SNOW

Avètisman Lake Effect Snow ap kontinye nan konte Hamilton, Herkimer, Lewis, Jefferson, Oneida, ak Oswego jiska 7:00 p.m.

Avès nèj ap avanse nan rejyon Capital District pandanke pi gwo bann ap pèsiste nan rejyon sant ak nò

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te pibliye dènve enfòmasyon sou lake effect snow kap akimile jiska 12 pous nèj nan pati Konte Erie pandan wikenn fen dane a e lap kontinye avanse nan pati sant Eta. Meteyo a prevwa pi gwo kantite nèj ap tonbe nan pati nò ak sant New York e li ka pote jiska 12 pous nèj nan zòn alèt yo. Avès nèj anplis ap avanse nan pati lwès rejyon Capital District. Anjeneral, raval van ap apeprè 8-15 kilomèt alè, men gwo rafal yo ka rive jiska 40 kilomèt alè posib nan zòn rivaj yo toupre Lak Ontario ak Lak Erie.

“Yo prevwa gwo van ak nèj ap kontinye afekte sèten pati nan eta jiska lendi, e mwen ankouraje tout Nouyòkè ki nan kominote sa yo pou pran anpil prekosyon si yo dwe vwayaje,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Li toujou youn nan peryòd vwayaj ki pi frekante nan ane a, e chofè yo ta dwe planifye alavans pou yo teni kont pou fèb vizibilite oswa kondisyon wout ki danjere, e malgre tout bagay pou yo rete ansekirite.”

Lake effect snow ap kontinye jodia e lap varye nan entansite nan lwès ak sant Eta New York. Pandan tan sa, avès nèj ki pi leje ap etann okazyonèlman sou Capital District nan fen semèn sa. Lake effect prevwa pou l fini epi gradyèmman fini lendi oswa madi. Ap genyen pi gwo akimilasyon nèj nan bann nèj ki pi gwo ak pi pèsistan. Mas lè frèt sezon an ap kontinye lendi nan aswè e van frèt ap apwoche nan nivo konsèy nan Adirondacks madi maten.

Depatman Transpòtasyon Eta New York kontinye operasyon ranmase nèj li a e li gen

plis pase 116,000 tòn sèl wout sou lamèn ak plis pase 900 operatè ak sipèvizè nan tout eta ki pare pou reponn avèk 325 gwo kamyon a benn, 36 gwo kamyon a benn/mwayen, 84 chajè, 16 kamyon/chajè souflez nèj, 18 charyo remòkaj, 8 kamyon avèk resous adisyonèl charyo jan sa nesèsè. Anplis, yap afiche plizyè siy avètisman mesaj varyab sou kondisyon enpòtan meteyo a.

Nap fè otomobilis yo sonje pou yo tcheke 511NY lè yo rele 511 oswa grasa www.511ny.org anvan yo vwayaje. Sèvis gratis sa pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout la ak enfòmasyon sou transpòtasyon. Itilizatè mobil yo ka telechaje aplikasyon mobil ajou gratis yo nan 511NY apati iTunes oswa Google Play stores. Aplikasyon an kounye a drive mode, ki bay alèt son sou wout ki chwazi pandan yon itilizatè ap kondwi, avèti yo sou ensidan ak konstriksyon. Itilizatè yo ka fikse yon destinasyon anvan depa a epi resevwa enfòmasyon pou jiska twa wout.

New York State Thruway Authority ap kontinye voye anplwaye nan piwo nivo si van ta koze nèj la pran yon lòt direksyon. Aktyèlman, thruway a gen 281 operatè ki pare pou deplwaye 111 gwo chas nèj, 68 chas nèj mwayen ak 30 charyo traksyon avan nan rejyon greater Syracuse ak Buffalo. Thruway Authority gen apeprè 71,000 tòn sèl wout ansanm avèk sistèm lan nan santral ak Lwès New York.

Yo ankouraje otomobilis yo pou enskri nan imèl TRANSalerts, ki bay dènye kondisyon sou sikilasyon sou Thruway a. Vwayajè Thruway yo ka jwenn tou dènye enfòmasyon nan tan reyèl lè yo swiv [@ThruwayTraffic](https://twitter.com/ThruwayTraffic) Twitter oswa lè yo vizite thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime kap montre kondisyon trafik la pou Thruway a ansanm avèk lòt wout yo nan Eta New York.

Tout Nouyòkè ka jwenn enfòmasyon ijans atravè NY-ALERT, sistèm alèt ak notifikasyon ki baze sou entènèt, tout risk Eta a. Pou enskri, vizite nyalert.gov. Si ou pa posede oswa ou pa gen aksè a yon òdinatè, rele nimewo gratis 1-888-697-6972 oswa telechaje aplikasyon an sou smartphone ou nan jalertz.com.

Vwayaje ansekirite

Li enpòtan pou chofè sou tout wout konnen chas-nèj woule nan vitès jiska 35 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki endike a, pou yo ka asire sèl yo simen an rete nan vwa otomobil yo epi pa dispèse andeyò wout la. Souvanfwa sou otowout ant eta, chas-nèj pral opere kòtakòt; se fason pi efikas ki gen mwens danje pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Otomobilis ak pyeton yo pa dwe bliye chofè chas-nèj yo gen yon distans vizyon ki limite,

epi gwosè ak wotè chas-nèj la rann li difisil pou manevre epi kanpe touswit. Nèj kap vante ki soti dèyè chas-nèj la ka diminye anpil nan viziblité oubyen koze kondisyon vwal blan. Chofè yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen mwens danje pou chofè kondi se lwen dèyè chas-nèj yo kote wout la klè ak sale.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou kondi san pwoblèm pandan sezon livè a:

- Lè tanpèt ivè frape, pa kondwi si li pa vrèman nesèsè.
- Si ou dwe vwayaje, asire ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou kouvrel, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn kawotchou, kab pou bay batri chaj, manje enèji rapid ak rad ki gen koulè fonsè pou itilize kòm yon drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou ranpli pou evite gazolin nan konjele.
- Si ou gen telefòn selilè oswa radyo de-direksyon ki disponib pou w itilize, chaje pil la epi mache avèk li kèlkeswa lè wap vwayaje. Si ou ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou ki kote ou ye.
- Asire ke yon moun konnen plan vwayaj ou.

Prepare otomobil ou pou ivè

Prepare otomobil ou pou sezon ivè a kounye a ap ede asire ke otomobil ou nan bon kondisyon fonksyonman lè ou bezwen l'iplis. Fè yon mekanisyen tcheke atik ki annaprè yo nan otomobil ou:

Pil

Eswi glas ak likid pou lave machin

Antijèl

Sistèm alimaj

Tèmostat

Limyè

Sistèm echapman

Limyè kliyotan detrès

Chofaj

Fren

Dejivrè

Nivo lwil

Enstale bon kawotchou ivè. Asire ke kawotchou yo gen ase semèl. Tout tanperati radyal yo jeneralman adekwat pou pifò kondisyon ivè. Ou ka vle pote tou yon pè chèn kawotchou nan otomobil ou pou kondisyon gwo nèj. Kenbe yon gratwa pou vit otomobil ak yon ti bale pou retire glas ak nèj epi kenbe omwen yon demi tank gaz pandan tout sezon ivè a. Finalman, planifye vwayaj long avèk anpil atansyon. Tande rapò medya

lokal oswa rele ajans lapolis pou dènye enfòmasyon sou kondisyon wout la.

Kondwi ansekirite

Koz prensipal lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpòtasyon. Anvan ou ale dèyè volan pandan sezon ivè sa, chak chofè te ka aprann yon leson nan men chofè otobis nou yo. Li elemantè, men nou dwe kenbe otomobil nou yo san glas ak nèj. Bon vizyon se yon kle pou yon kondwit ki san danje. Planifye arè w yo epi kite plis distans ant otomobil yo. Ou dwe pi vijilan. Sonje, akimilasyon nèj ka kache timoun ki pi piti yo. Anplis, toujou kontwòle vitès ou avèk kondisyon wout la.

Bloke nan yon veyikil

Men kèk konsèy pou swiv si ou bloke sou wout la pandan yon tanpèt nèj:

- Rete chita nan otomobil ou jiskase ou jwenn èd.
- Fè otomobil la mache pou yon titan pou ka rete cho. Fè yon ti desann fenèt la epi asire ke tiyo echapman an pa gen nèj.
- Limen limyè dòm lan aswè lè wap fè otomobil la mache pou bay sekouris yo siyal.
- Kwoke yon mòso twal oswa yon rad sou otomobil ou a.
- Fè egzèsis detanzantan lè ou detire bra, janm, dwèt ak zòtèy ou pou san ka kontinye sikile epi pou rete cho.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418